

Korani, bhuku reIslam, ndiro bhuku rekupedzisira kuzarurwa naMwari kuvanhu, uye rekupedzisira pamutorododo wemagwaro akatumirwa kuVaporofita.

Kunyange zvazvo Korani (rakazarurwa makore anokwana chiuru chimwechete nemazana mana adarika), pachinangwa charo risiri bhuku reSainzi, asi riine humboo hunotsigira ruzivo rweSainzi, hwakawanda hwacho hwakatanga kuonekwa munguva pfupi yadarika kuburikidza nemishina yakavandudzwa uye neruzivo rweSainzi. Islam inokurudzira kufungisisa nekutswagurudza nokuti kunzwisisa masikirwo ezvinhu kunoita kuti vanhu vakwanisa kutenda muna Musiki wavo uye nekuziva simba rake nehungwaru hwake.

Korani rakadzikiswa panguva yokuti vanhu vakange vasina ruzivo rwakakwana rweSainzi, kwakange kusina mishina yakaita sema; telescope, microscope neimwe mishina yavako nhasi uno. Vanhu vaitenda kuti zuva raitenderera nyika ino, uye kuti denga rakange riine mapango akaribata kumicheto yenyika yakatambanuka. Nokuda kwaizvozvo, ndokusaka Korani rakazarurwa riine ruzivo ruzhinji rweSainzi, rwaisanganisira misoro yenyaya dzakasiyanasiyana, kubvira panyaya yeruzivo rwezve matenga, kusvikira panyaya yezveruzivo rwezvemuwiri wemunhu, ruzivo rwezvematambo nemakomo kusvikira panyaya yezveruzivo rwezvemhuka.

Zvimwe nezveruzivo rweSainzi runowanikwa muKorani zvinosanganisira zvinotevera:

1 MATANGIRO EHUPENYU

Mvura inonongedzwa semavambo ehupenyu. Zvisikwa zvese zvakaumbwa nemipanda (cells), uye ikozvino tinoziva kuti mipanda iyi yakagadzirwa nemvura. Izvi zvakazoongororwa mushure mekugadzirwa kwakaitwa mushina unonzi microscope. Mugwenga reArabia, zvakange zvisingafungidzirwe kuti mumwe munhu aikwanisa kufembera kuti hupenyu hwakabva mumvura.

"Uye Isu (Mwari) takasika zvinhu zvose zvinorarama kubva mumvura, Ko havatende here..."
Korani 21:30

2 KUUMBWA KWEMWANA MUDUMBU

Mwari vanotaura nezvematanho ekuumbwa kwemwana mudumbu:

"Isu (Mwari) takasika munhu kubva muivhu, zvino takamugadzira sedonhwe panzvimbo yarinogara, rakanyatsobatirira, zvino takaita kuti donhwe iroro rive alaqaah (ropa rakakora rakarembere), zvino takaita kuti ropa iroro rive mudgah (senyama yakatsengwa)..." Korani 23:12-14

Izwi rechiArabhu rinoti "alaqaah" rine zvirevo zvitatu: chitandiri, chinhu chakarembere, uye ropa rakakora. "Mudgah" izwi rinoreva chinhu chakatsengwa. Vadzidzi veSainzi yezvekuumbwa kwemwana mudumbu vakaongorora kuti kushandiswa

kwemazwi aya pakuumbwa kwemwana mudumbu ndikochaiko, uye zvinoenderana nenzwisiso yeruzivo rweSainzi yaikozvino maererano nematanho ekuumbwa kwemwana.

Zvishoma zvaizivikanwa nezvematanho aya uye nekupatsanurwa kwemaumbirwo emunhu mudumbu kudzamara mumakore ezana rezvikumi zviviri, izvi zvinoreva kuti tsanangudzo yezve maumbirwo emunhu mudumbu iri muKorani haingave yakatorwa kubva muruzivo rweSainzi rwemumakore ezana rechinomwe.

3 KUTATAMUKA KWENYIKA

Panguva yekuti vanhu vakange vasina ruzivo rwakakwana rweSainzi yezvematenga, ndima dzirikutevera dzemu Korani dzakazarurwa:

"Uye matenga Isu (Mwari) takamavaka nesimba, uye zvirokwasvo, Isu (Mwari) tinomatatamura..." Korani 51:47

Chimwe chezvirevo zvendima iri pamusoro iyi, kureva kuti Mwari vanotatamura nyika (zvichireva, matenga). Zvimwe zvirevo zvacho kureva kuti Mwari vanopa nduramo, uye kuti vane masimba panyika yose – chinova chiri chokwadi zvakare.

Tsigiro yekuti nyika irikutatamuka (semufananidzo, nyika, zuva, mwedzi, zvirikuenda kure nakure) izvi zvakaongororwa muzana remakore radarika. Mudzidzi weruzivo rwePhysics ainzi Stephen Hawking mubhuku rake rinonzi "A Brief History of Time" akanyora achiti: "Ongororo yekuti nyika inotatamuka yakave mutsiridzo huru yeruzivo muzana remakore radarika"

Korani rakataura nezve kutatamuka kwenyika kunyange panguva yokuti kwakange kusati kwagadzirwa mishina iya inonzi Telescope.

4 MHANGURA YAKATUMIRWA PASI

Mhangura haina kusikirwa pasi pano, asi yakauya panyika ino kubva kumatambarare ekunze kwenyika yepasi rino. Vadzidzi vakaongorora kuti kwemakore anokwana zviuru nezviuru adarika, nyika ino yakaputsikirwa nematambo akange aine mhanga kubva kunyeredzi dzokure kure dzakange dzaputika.

"Takatumira pasi mhanga, iine simba rakakwana, uye iine zvakaumbwa zvinobatsira vanhu..."
Korani 57:25

Mwari vanoshandisa mashoko ekuti "kutumira pasi". Tsigiro yokuti mhanga yakatumirwa panyika yepasi rino kubva kumatambarare ekunze kwenyika yepasi, chinhu chaisakwanisa kuzivikanwa neruzivo rweSainzi rwakange rusati rwavepo muzana remakore rechinomwe.

5 RUDZIVIRO RWEMATENGA

Denga rine basa rakakosha zvikuru pakudzivirira nyika yepasi nevagari vemo kubva kumiseve yezuva inenjodzi, uye nekutonhora kwakanyanya kubva kumatambarare ekunze kwenyika yepasi.

Mwari vanoti tifungisise zvikuru nezvematenga mundima irikutevera:


"Isu (Mwari) takagadzira matenga kuva sedenga rerudziviro, asi ndopavanopira misana yavo kuzviratidzo zvedu ..." Korani 21:32

6 MAKOMO

Mwari vakadzora pfungwa pakusika kwakakosha zvikuru kwemakomo:

Korani rinotsanangudza nemazvo midzi yakadzika zvikuru yemakomo richishandisa izvi rekuti "hoko". Semufananidzo gomo rinonzi Everest rine hurefu hunokwana makiromita mapfumbamwe kuenda mudenga, asi mudzi waro kudzika pasi wakareba makiromita anokwana zana rimwechete nemakumi maviri nemashanu! Tsigiro yekuti makomo ane hoko dzakadzika – dzakafanana nemidzi – yakange isingazivikanwe kudzamara apo pakavandudzwa pfungwa yezve tectonic kumavambo kwemumakore ezana rezvikumi zviviri. Mwari vanotaura zvakare muKorani (16:15) kuti makomo ane basa rekudzikamisa nyika ino "kuitira kuti isandengendeke," izvo zvatanga kunzwisiswa

"Hatina kugadzira nyika kuva senzvimbo yekuzororera here, uye makomo akava sehoko..."
Korani 78:6-7



7 DENDEREDZI REZUVA

Mugore ra 1512, mudzidzi wezvematenga ainzi Nicholas Copernicus akapa pfungwa yake kuti zuva rakange risingafambe rakangomira pakati asi dzimwe nyeredzi pamwe nyenika ino ndizvo zvaitenderera zuva. Kutenda uku ndiko kwakaparira pakati pevadzidzi wezvematenga kudzamara mumakore ezana rezvikumi zviviri. Ikozvino pfungwa yadzikamidzi ndeyekuti zuva harina kumira panzvimbo imwechete asi kuti ririkutenderera mudenderedzi nechepakati penyika yedu.

"Ndiye akasika husiku nemasikati, zuva pamwe nemwedzi, zvose zvakarembere mudenderedzi..."
Korani 21:33

8 MASAISAI EMUKATI MENYANZA

Zvainyanyo fungidzirwa kuti masaisai aingoitika chete pamusoro penyanza. Naizvozvo, vadzidzi wezvematenga nyenyanza vakaongorora kuti masaisai anoitika zvakare mukati menyanza pasi pasi pemvura haakwanise kuonekwe nemaziso emunhu asi anokwanisa kunzwikwa chete nemishina yakakodzera.

Korani rinoti:

"... nyanza yakadzika yakafukidzwa nemasaisai, pamusoro pane masaisai, pamusoro paine makore, rukoko rwerima, rumwe pamusoro perumwe..." Korani 24:40

Tsanangudzo iyi inokatyamadza zvikuru nokuti mumakore 1400 akadarika kwakange kusina mishina yakafanira yekuti vaongorore nezvemasaisai emukati pasi pasi penyanza.

KUTI HAASI MUHAMMAD AKANYORA KORANI HERE?

Muporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari) akazivikanwa panhoroondo kuti akange asina kudzidza; akange asingagone kuverenga, kunyora chaiko, kana kuva nerumwewo ruzivo rwaikwanisa kuverengerwa nezve ruzivo rweSainzi rwakaringana rwuri muKorani. Vamwe vanhu vanokwanisa kuti akazvitora kubva kune vakadzidza kana kuti vadzidzi veSainzi venguva yake. Kana zvikanzi akazvitora, taifanira kuonao mamwe mafungiro eSainzi akange asina kuringana panguva iyoyo akatorwawo zvakare. Asi, tinoona kuti Korani harina kana parakakanganiswa zvachose – pangave panyaya yeSainzi kana kuti pane zvimwewo.

Vamwewo vanokwanisa kutaura vachiti Korani rakasandurwa panguva yakaongororwa tsigiro dzeSainzi. Izvi hazvikwanise kuve zvakadaro, nokuti itsigiro yakatonyorwa kare munhoroondo kuti Korani rakachengegetedzwa mumutauro waro chaiwo – novva uri munana pachavo.

ZVAKANGOEREKANA ZVAITIKA HERE?

Apo gwara rino ririkutarisa zvikuru minana yeSainzi, kune mimwe minana zvakare yakataurwa muKorani: minana yepanhoroondo; zvinhu zvakaporofitwa zvavachokwadi; mutauro nendudzi dzematauro dzisingaenzanise nedzimwe; tisingataure nezvekubata bata kwarinoita vanhu. Minana yose iyi hatिंगaiti zvinhu zvakangoerekana zvaitika. Asi kuti inoratidza kuti Korani rakabva kuna Mwari, Musiki wemirairo yose yeSainzi. Ndiye Mwari mumwechete akatumira Vaporofita vaine shoko rakafanana – rokushumira Mwari mumwechete chete uye nekutevera dzidziso dzeVatumwa vake.

Korani ibhuku rinotungamirira gwara, uye rinotsanangudza kuti Mwari havana kusika vanhu kuti vave vanofamba panyika zvisina maturo. Asi kuti rinotidzidzisa kuti tine chinangwa chakakura kwakuzo pahupenyu – kuva tinogamuchira Kururama kwaMwari, Hukuru hwake, Humwechete hwake, uye nekumuteerera.

Zviri kunaani naani zvake kuti ave anoshandisa njere nepfungwa yaakapuwa naMwari, kuti afungisise nekugamuchira zviratidzo zvaMwari – Korani iri chiratidzo chinokosha chaizvo. Verenga kuti ukwanisa kuongorora hunaku nehuchokwadi hweKorani, dzimwe dzenguva uchabudirira.

"Isu (Mwari) tichavaratidza zviratidzo zvedu, munyika, uye pane ivo pachavo kudzamara zvabuda pachena kwavari kuti Korani iri nderechokwadi..." Korani 41:53

9 KUNYEPA NEKUFAMBAFAMBA

Kwakange kuine mutungamiriri werudzi aidzvanyirira zvikuru alne hutsinye panguva yaMuporofita Muhammad (Rugare Ngaruve Kwaari). Mwari vakazarura ndima yekumuyambira:

Kwete, akasamira (pamabasa ake) tichamukakata nepahuma yake, huma inonyepa, inoita chivi..." Korani 96:15 - 16


Mwari havamusheedze munhu uyu vachiti munyepi, asi vanosheedza huma yake (pamberi pefungwa) vachiti "inonyepa" uye "inoita chivi", akayambirwa kuti asiye izvozvo.

Zvidzido zvakaanda zvakaongorora kuti pamberi pefungwa dzedu ndipo pane basa rekunyepe uye nekufamba famba kwatinovisarudzira, kunova chivi. Mabasa aya akaongororwa nemishina inokudza zvinhu yezvemishonga iyo yakavandudzwa mumakore ezana rezvikumi zviviri.

10 MAKUNGWA MAVIRI ASINGASANGANE

Maererano nezve makungwa, Musiki wedu akati: Pane simba rinonzi Surface Tension rinodzivirira mvura yemakungwa maviri kuti isasangane nokuda kwehuremu hwakasiyana hwemvura yemakungwa maviri. Zvinoita sekunge panenge paine mudhuri wakatetepa pakati padzo. Izvi zvakaongororwa munguva pfupfu yadarika nevadzidzi vezvenyanza.

"Anosanganisa makungwa maviri, asi pakati pavo paine mugavanhu hapana gungwa rinodarika mvura yaro kupinda mune rimwe..." Korani 55: 19 - 20



For more Islamic materials

Live chat and more: www.islamtomorrow.com/
Many Islamic videos online: www.thedeenshow.com
Free Islamic online books: www.islamic-invitation.com/
Free of charge Islamic books: www.islamic-message.net/cims/default.aspx
AHLAN : www.ahlan-group.com
www.facebook.com/Ahlan.Explore

www.islamic-invitation.com

Sainzi mulIslam

"Isu (Mwari) tichavaratidza zviratidzo zvedu, munyika, uye pane ivo pachavo kudzamara zvabuda pachena kwavari kuti Korani iri nderechokwadi..." Korani 41:53

Conveying Islamic Message Society
P.O.Box 834 - Alex - Egypt
E-Mail: info_en@islamic-message.net
E-mail: cims_eg@yahoo.com
Site: www.islamic-message.net
Not for sale
إيماري دت نيام

العالم في الإسلام بلغة الشونا

Supreme Muslim Council of Zimbabwe
Std No.19280 Unit N, Seke, Chitungwiza, Zimbabwe | P:00263772686584

Direct Aid – Africa Muslim Agency
40 Greendale Avenue, Greendale, Harare, Zimbabwe | P:002634498345

Dzidza zvidzido Zvemavambo

www.islamic-invitation.com